


BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku sababaraha unsur, nya éta métodeu panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, Téhnik ngumpulkeun data, Instrumen panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun pasualan-pasualan panalungtikan. Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti dina bagan ieu di handap.



**Bagan 3.1
Desain Panalungtikan**

Saméméhna data nu geus dikumpulkeun dianalisis ngaliwatan téhnik-téhnik sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Satuluyna diklasifikasikeun ngaliwatan prosés seleksi dumasar kana kapentingan panalungtikan. Nyindekkeun hasil panalungtikan téh dumasar kana inpormasi analisis data nu geus kapaluruh. Sabada kitu, dilaksanakeun tafsiran intelektual kana kacindekan-kacindekan nu kacangking.

3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta, tilu kumpulan carita pondok Sunda karangan Ahmad Bakri (Lebé Kabayan, Nadran jeung Ki Merebot) anu dipublikasikeun dina wangun buku. Tina tilu kumpulan carita pondok téh eusina 19 judul carpon. Saperti nu dipedar dina tabél di handap.

Tabél 3.1

Judul-judul carpon dina kumpulan carita pondok Nadran

No	Judul Carita Pondok
1.	Nu Kungsi Eunteup dina Lelembutan
2.	Nadran
3.	Jimat
4.	Jontrot
5.	Musim Harénghéng
6.	Sebel Tuda....!
7.	Kasurupan

Table 3.2

Judul – judul carpon dina kumpulan carita pondok Lebé Kabayan

No.	Judul Carita Pondok
1.	Lakadalah
2.	Ngaheuleut
3.	Buta Ijo
4.	Cékcok
5.	Dukun Lepus
6.	Pista

7.	Ambon Sorangan
8.	Burindil

Tabel 3.3

Judul-judul carpon dina kumpulan carita pondok Ki Merebot

No.	Judul Carita Pondok
1.	Lebaran Poé Jumaah
2.	Abah Mandor
3.	Kiai Modin
4.	Ki Merebot

3.3 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi bibliografis (ulikan pustaka). Téhnik studi bibliografis mangrupa téhnik ngumpulkeun data digunakeun pikeun ngajelaskeun data kalimah atawa alinea ngeunaan struktur carita, ajén étnopédagogik jeung pangajaran. Ari léngkah-léngakh ngumpulkeun datana, katitén saperti ieu di handap.

- 1) Néangan sumber data, nya éta tilu kumpulan carita pondok Sunda
- 2) Maca tilu kumpulan carita pondok Sunda
- 3) Nyirian struktur carita jeung ajén étnopédagogik. jeung
- 4) Nyalin data nu geus dicirian kana kartu data.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén nya éta pakakas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang sarta meunang hasil nu hadé dina harti taliti, lengkep, jeung sistematis. Lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif analisis instrumén anu diperlukeun nya éta pedaran analisis jeung kartu data. Pedoman analisis gunana minangka tatapakan dina prosés analisis jeung déskripsi data, sedengkeun kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu aya dina sumber data.

Tabél 3.4
Kartu Data Ajen Étnopédagogik

“.....” (BKC/Judul Carpon/Kaca/Alinea

1. Moral Manusa:

- a. Moral manusa ka Pangéran
- b. Moral manusa ka pribadi
- c. Moral manusa ka manusa
- d. Moral manusa ka alam
5. Moral manusa kana waktu
6. Moral manusa dina ngudag kapuasan lahiriah & batintah

(Warnaén dkk, 1987, kc. 8).

Tabel 3.5
Kartu Data Struktur Carita

“.....” (BKC/Judul Carpon/Kaca/Alinea)	
Aspek Struktur Carita:	
Téma	:
Fakta Carita	:
Galur	:
Karakter	:
Latar	:
Sarana Sastra:	
Judul	:
Puseur Implengan	:
Gaya & Tone	:
Simbolisme	:
Ironi	:
Tiori Struktural Robert Stanton.	

3.5 Teknik Ngolah Data

Sanggeus data lengkep, tuluy dianalisis. Data dianalisis maké téhnik analisis langsung. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data carita pondok dumasar kana:
 - a. Struktur carita ngawengku, téma carita, fakta carita (galur, karakter, jeung latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya jeung *tone*, simbolisime, jeung ironi).
 - b. Ajén étnopédagogik ngawengku, Catur jatidiri Insan: pengkuh agamana, luhung élmuna, jembar budayana, jeung rancagé gawéna; moral: moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kapuasan lahiriah jeung batiniah; Gapura Panca Waluya: cageur, bageur, bener, pinter, jeung singer.
- 3) Nganalisis kumpulan carita pondok dumasar kana struktur carita jeung ajén étnopédagogik;
- 4) Ngadéskripsikeun kumpulan carita pondok Sunda dumasar struktur carita jeung ajén étnopédagogik;
- 5) Napsirkeun jeung nyieun kacindekan struktur jeung ajén étnopédagogik; jeung
- 6) luyu henteuna carpon- carpon ieu pikeun alternatif pangajaran maca di SMA